



Deklarasyon Enpak sou Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl la

(Please rename this document as appropriate, and delete the word "Template" above. Generally, this document should be approximately two pages, and be a summary of the completed Racial Equity Planning Tool.)

Tit: Sispansyon Politik Laj Maksimòm Kontinye

Dat: 25/06/2021

Èske nou te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? X Wi Non

Si se wi, mete dat reyinyon REPT yo ak yon lyen pou REPT ki te fèt la isi: _____

D Èske yon manm Divizyon Ekite, Estrateji ak Twou Opòtinite a te revize deklarasyon sa a? X Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon & Enpak <i>Ki rezilta dezire pou pwopozisyon/efò a, tankou elimine disparite? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refilete idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (pami gwoup kle yo se moun ki Nwa, Panyòl, Azyatik, miltileng, ak sa ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal)?</i></p>	<p>Prezantasyon Komite Lekòl la nan jou 16 ak 30 janviye 2019 sou laj maksimòm anwòlman elèv nan BPS te anfaze defi nan politik ki egziste a ak bay elèv yo dwa ak privilej jan lalwa nan Massachusetts egzije sa. Spesifikman, prezantasyon yo te konsantre sou yon pwopozisyon pou pwolonje yon renonsyasyon pou elèv yo, ki ta pèmèt yo fini ane skolè lè yo vin gen laj 22 zan nan yon pwogram lekòl segondè altènatif oswa tradisyonèl pou yo satisfè egzijans pou gradyasyon distans pou konklizyon ane skolè a. Prezantasyon an aswe a konsantre sou yon pwopozisyon pou nou fè premye modifikasyon konplè nan Politik sou Laj Maksimòm pou Anwòlman (AMT-5) depi li te etabli an 1999. Politik modifiye a:</p> <ul style="list-style-type: none">● Klarifye pwosesis la epi rasyonnalize plasman elèv ki depase laj yo epi li deziyen Sant Re-Angajman an kòm depatman prensipal ki responsab pou rekòmande plasman, rekomandasyon, ak transfè elèv ki depase laj● Fikse 31 out kòm dat pi ta pou elèv ki pral genyen laj 21 an pou yo vin inelijib pou anwòlman pou ane skolè k ap vini a● Founi direktiv pou konsèy pou elèv ki depase laj pou sipòte pwogrè anè gradyasyon atravè tranzisyon nan pwogramasyon

	<p>lekòl pou adilt nan kòmansman yon semès</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Elaji ranje opsyon pwogram nan Boston Central Adult High School (BCAHS) pou satisfè bezwen elèv ki depase laj nan yon anviwònman edikasyon pou adilt. <p>Modifikasyon politik pou AMT-5 pral klarifye pwosesis la pou anwòlman ak konsèy pou elèv ki depase laj (19 a 21 an), klarifye laj maksimòm yon elèv ka kòmanse yon ane skolè nan mwa septanm, founi oryantasyon sou kijan elèv yo tranzisyone nan pwogramasyon lekòl pou adilt is yo pa ka gradye avan fèt yo tounen 22 zan an, epi li klarifye ke baze sou lalwa sou Edikasyon kijan elèv yo ka kite nan jou fèt you tounen 22 zan si sa dekri ak yon plan pou tranzisyon nan IEP yo a.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Stratejik la <i>H Kòman pwopozisyon/efò a aliyan ak plan stratejik distri a?</i></p>	<p>Angajman 1: Elimine Twou Opòtinite Akonplisman an. Angajman 3: Anplifye Tout Vwa yo</p>
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize? Èske li te dezagrege selon ras ak lòt gwoup kle? Kisa li te montre konsènan disparite?</i></p>	<p>260 elèv pral benefisye de sispansyon AMT-5 lan pandan youn lane:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Etajè Lang Anglè: 53.5% ● Dezavantaje Sosyo-ekonomikman: 85.4% ● Nwa: 47.7% ● Panyòl: 38.8%
<p>4. Angajman Aksyonè <i>Kiyès ki te angaje (kantite, demografik, ak wòl yo), kòman ak kisa li te bay? Kisa elèv/fanmi ki afekte plis pa pwopozisyon/efò a te di?</i></p>	<p>Orijinalman kominote BATA a te mande nou sispann AMT-5 Inisyativ sa a te sòti nan diskisyon nan Tab Won sou Ekite BATA yo, dirije pa enterè elèv yo, paran yo, ak pwofesè yo. Aksyonè kominotè BATA yo te rekonèt sispansyon AMT-5 pral pèmèt yon sou-seri nan elèv yo genyen plis tan pou yo satisfè egzijans pou gradyasyon epi ede bese defi pa previzib nan dènye twa mwa yo.</p>

	<p>Tab Won sou Ekite BATA a te genyen 9 manm ekip, 20% ladan yo te elèv epi rès la te staf. Pami manm sa yo, 40% ladan yo te Nwa, 10% ladan yo te Panyòl, epi 10% ladan yo te Azyatik. An plis de sa, 40% nan manm sa yo genyen eksperyans kòm imigran Ozetazini epi yo konprann kijan li difisil pou aprann yon nouvo lang ak kilti. Pwiske pa te gen fanmi nan reyinyon inisyal la, plizyè fanmi te angaje nan reyinyon swivi pi piti yo, epi yo tout te Nwa, Panyòl, ak/oswa Azyatik. Opòtinite pou angajman te fèt nan jou 27 avril, 11 me, 28 me ak 9 jen. Tout aksyonè ki te patisipe nan diskisyon Tab Won sou Ekite yo te sipòtif de sispansyon AMT-5 pou AS 2020-21.</p> <p>Tire nan aksyonè reprezantan nan BATA, Biwo Lekòl Segondè a te detèmine sispansyon politik sa a pral benefisye elèv nan tout distri a.</p>
<p>5. Estrateji pou Ekite Rasyal <i>Kòman pwopozisyon/efò sa a bese disparite ak ògmante ekite, sitou ekite rasyal? Ki konsekans li pa te gen entansyon genyen? Ki strateji konplemantè ki pral vanse ekite plis?</i></p>	<p>Enplikasyon Ekite Edikatif:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Si elèv ki sou wout pou yo gradye, yon elèv ki pral genyen 22 zan pandan dènye ane anwòlman yo nan yon lekòl segondè tradisyonèl oswa altènatif ap gen dwa fini ane skolè a epi gradye nan lekòl BPS yo a, olye de otomatikman kite lekòl la nan jou fèt yo tounen 22 zan. <p>Enplikasyon sou Ekite Rasyal:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Popilasyon ki plis afekte ak politik sa a ap kèk nan sa ki tradisyonèlman plis majinalize nan distri a. Gwo majorite ladan yo ap elèv de koulè, epi an patikilye, imigran de koulè ki te etajè lang Anglè avan.
<p>6 Bidjè & Aplikasyon <i>Ki enpak ki genyen sou bidjè a? Kijan aplikasyon pral asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak ekite yo, satisfè? Ki idantite gwoup ekip aplikasyon ak, epi èske yo pral pòte yon vizyon ekite?</i></p>	<p>Genyen prèske okèn enpak finansye sou Lekòl yo.</p>
<p>7. Responsabilite & Kominikasyon <i>Kòman nou pral evalye, dokimante ak kominike enpak yo a aksyonè yo? Kiyès k ap responsab pou sa a?</i></p>	<p>Sant Re-angajman a pral responsab pou kominike ak tout Aksyonè yo konsènan tout rezilta yo.</p>